



Sa w dwe konnen sou vaksen yo

Vaksen yo sove lavi epi pwoteje nou, moun nou renmen yo, kominote nou yo kont maladi grav tankou lawoujòl, grip, varisèl, koklich elatriye.

Poukisa w dwe pran vaksen?

- Vaksen yo ede defans natirèl kò w e pwoteje w kont anpil maladi. Lè w vaksinen, sistèm iminitè w aprann rekonèt epi konbat mikwòb yo, pou pwoteje w kont ekspozisyon nan lavni.
- Vaksen yo ede anpeche maladi grav yo. Gen kèk vaksen ki kapab menm anpeche kansè.
- Pran vaksen an pwoteje moun ki pa kapab pran sèten vaksen, tankou tibebe yo, granmoun aje ak moun ki gen sistèm iminitè fèb
- Vaksen yo fyab epi yo apwouve atravè ekspè medikal yo.
- Anpil vaksen gratis oswa yo pa koute chè.



Ki moun ki dwe vaksinen?

Vaksen yo pa sèlman pou tibebe! Vaksen yo enpòtan pou moun tout laj—soti nan timoun ak adolesan rive nan adilt ak granmoun aje.



Kilè w dwe vaksinen

Pale ak yon doktè sou ki vaksen ou menm ak fanmi w bezwen. Pou gen plis detay sou vaksen yo rekòmande pou chak laj ak chak etap nan lavi, vizite health.ri.gov/vaccines.



Ki kote w dwe vaksinen

Ou kapab jwenn klinik ak pwogram vaksinasyon lokal yo nan kote sa yo:

- [Sant Sante Piblik Asthenis](#) (401-473-3958): Li ofri yon varyete vaksen pou:
 - Timoun ki pa gen asirans sante oswa yon doktè regilye.
 - Adilt ki pa gen asirans sante.
 - Adilt ki gen asirans sante, men ki pa kapab kouvri tout oswa kèk nan depans pou vaksen yo.
- [Vaksin anvan w gradye](#): Yon pwogram pou ede elèv lekòl presegondè ak segondè yo rete ak vaksen yo ajou. Rele Liy Enfòmasyon Sante a nan **401-222-5960 / RI Relay 711** pou plis detay.



Enfòmasyon pou vwayajè yo

Lè w ap vwayaje andeyò peyi a, ou kapab ekspoze avèk diferan maladi. Espesyalman, li enpòtan anpil pou vaksinasyon ou menm ak manm fanmi w yo ajou anvan nou vwayaje. Gen sèten vaksen ki ka obligatwa oswa rekòmande anvan ou vwayaje aletranje. Gen kèk ki mande plis pase yon dòz pou pwoteksyon konplè. Kòmanse planifye pou vaksen vwayaj kat a sis semèn anvan w ale.

Pou jwenn èd ak yon klinik pou vaksinen anvan w vwayaje, vizite health.ri.gov/immunization/information/travelers oubyen rele **401-222-5960 / RI Relay 711**.



Vaksen: Konnen enfòmasyon yo

Li enpòtan pou konprann tout detay sou vaksen yo, pou kapab pran desizyon enfòmasyon sou sante w ak sante fanmi w.

✗ MIT: Yon moun dwe pran vaksen sèlman, paske se yon obligasyon.

✓ REYALITE: Malgre egzijans pou pran vaksen an kapab ankouraje vaksinasyon toupatou, pi bon rezon pou pran vaksen an se pou pwoteje sante w ak sante moun ki bò kote w yo.

✗ MIT: Mwen kapab pran vaksen nan klinik doktè mwen an sèlman.

✓ REYALITE Ou kapab pran vaksen tou nan famasi, klinik vaksinasyon, lekòl ak nan espas travay yo.

✗ MIT: Vaksen yo gen anpil engredyan danjere.

✓ REYALITE Vaksen yo fyab, yo teste engredyan yo ak anpil atansyon pou mezi sekirite. Vaksen yo gen plizyè engredyan nan yon dòz ki menm pi ba pase dòz nou ekspozé natirèlman nan anviwònman nou an.

✗ MIT: Vaksen yo kapab chanje ADN mwen.

✓ REYALITE: Vaksen yo pa chanje ni yo pa kominike avèk ADN ou.

✗ MIT: Yo pat teste vaksen COVID-19 yo anvan yo te apwouve yo.

✓ REYALITE Yo te teste vaksen kont COVID-19 yo avèk anpil atansyon anvan yo te apwouve yo.

✗ MIT: Vaksen fè w malad.

✓ REYALITE: Apre w fin vaksinen, ou kapab santi kèk efè segondè lejè tankou doulè oswa yon ti lafyè. Sa vle di kò w ap kontwi yon pwoteksyon.

Sous yo:

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi,
[cdc.gov/vaccine-safety/vaccines](https://www.cdc.gov/vaccine-safety/vaccines)

Òganizasyon mondyal pou lasante,
[who.int/news-room/feature-stories/detail/how-do-vaccines-work](https://www.who.int/news-room/feature-stories/detail/how-do-vaccines-work)

Resous ki fyab yo


Ede nou sispann gaye mit sou vaksen yo! Resous fyab sa yo kapab ede moun pran desizyon sou sante pou tèt yo ak fanmi yo:

- Kanpay Ann Pale sou Reyalite yo:
letsgetrealaboutvaccines.org
- Depatman Sante Rhode Island:
health.ri.gov/vaccines



Pran swen sante w se yon jès lanmou

Vaksin se yon siy ki montre fòs ou. Fè l pou tèt ou, pou fanmi w ak pou kominote w la!



Li enpòtan pou w jwenn swen nesès pou rete an sante. Si w gen kesyon jiridik konsènan dwa imigran yo pou yo jwenn aksè konfidansyèl ak sèvis swen sante, rele Dorcas International nan 401-784-8607.



DORCAS INTERNATIONAL
INSTITUTE OF RHODE ISLAND